

Gid pou Aplikasyon Lisans Chofè TLC pou Kondwi:

- Taksi Medayon (Jòn)
- Otomobil SHL (Vèt), ak
- Otomobil Disponib pou Travay

Frè yo:

- Nou p ap ranbouse okenn nan frè yo - San Eksepsyon
- Lisans: \$ 252.00 pou lisans twazan
- Tès Dwòg: \$ 26.00
- Anprent / foto: \$90
- Klas 24 èdtan: \$ 200- \$ 300
- Egzamen: \$ 75 pou chak tantativ
- Fòmasyon WAV: \$75
- Klas pou Kondwit Defansiv: \$ 50-60

Pou plis enfòmasyon ale sou: www.nyc.gov/tlclicenseinfo

Pou aplike ale sou: www.nyc.gov/lars

Ou dwe aplike sou entènèt.
Ou pa ka aplike fas-a-fas.

NYC Taxi & Limousine Commission
Division of Licensing
31-00 47th Avenue, 3rd Floor
Long Island City, NY 11101

Gid pou Aplikasyon Lisans Chofè

Taksi Jòn
Taksi Vèt Otomobil
Disponib pou
Travay

Kondisyon
ak Frè

NYC[®]
**Taxi & Limousine
Commission**

Gid pou Aplikasyon Lisans Chofè TLC: Taksi Jòn, Taksi Vèt, Otomobil Disponib pou Travay

Kondisyon yo:

Ou dwe satisfè tout kondisyon sa pou jwenn yon lisans:

1. Gen omwen 19 an.
2. Gen yon lisans pou Sèvis Chofè DMV ki valid - pou Eta New York, sa a se Klas A, B, C, oswa E. Verifye ak lòt eta yo
3. Pa dwe gen okenn lajan pou pakin oswa tikè DMV
4. Pran yon klas kondwit defansiv nan 3 zan anvan ou aplike a
5. Pran Fòmasyon Aksesib Chèz Woulant
6. Pran yon klas 24 èdtan epi pase yon tès
7. Pa gen plis pase 6 pwen sou lisans DMV ou nan yon peryòd 15 mwa apati dat aplikasyon w lan
8. Sante ou anfòm
9. Pase yon tès dwòg
10. Gade videyo Fòmasyon Konsyantizasyon sou Trafik Sèks sou sitwèb TLC a
11. Dwe pran anprent dwèt. Yo pral revize anprent dwèt ou pou kriminel
12. Pa gen okenn akizasyon kriminel ki p ap rezoud nan 90 jou aplikasyon an.
13. Pou Chofè Limouzin Long yo sèlman: Lisans Chofè Komèsyal 19A

Pa Aplike si:

Nan ane ki sot pase a:

1. Ou te nan 4 oswa plis aksidan machin
2. Yo te kondane ou paske ou t ap kondwi yon otomobil san lisans
3. Yo twouve ou pa te anfòm pou gen yon lisans TLC (yon ane apre dat aplikasyon an)
4. Ou pa te pase yon tès dwòg (yon ane apre dat ou pa te pase tès dwòg la)

Nan 3 ane ki sot pase yo TLC te kondane ou pou:

1. Otomobil ak lisans TLC ou t ap kondwi pandan ou te sou oswa sou enfluyans
2. Peye anba tab, fwod, vòl, oswa move reprezantasyon ou te enplike ladan
3. Menas, tizonmay, abi, oswa sèvi ak fòs fizik ou te fè
4. Posesyon yon zam nan yon otomobil ki gen lisans TLC

Nan 3 dènye ane ki sot pase yo sa te rive ak lisans TLC ou:

1. Yo te anile li (3 ane apre dat yo te anile li a)
OSWA
2. Ou te remèt li oswa li te ekspire pandan ou t ap tann chaj pou anile li (3 zan apre dat ou te emèt li oswa li te ekspire)

Dokiman Ou Bezwen:

Ou dwe bay TLC **TOUT** dokiman sa yo:

1. Aplikasyon Lisans Chofè TLC (sou entènèt sèlman)
2. Kopi Lisans Chofè DMV ou
3. Si Lisans Chofè DMV a **pa** soti nan Eta New York, yon abstrè pou kondwi DMV yon lòt eta ki pa gen plis pase 90 jou.
4. Si Lisans Chofè a Eta Nouyòk DMV a gen mwens pase 1 ane, abstrè pou kondwi DMV lòt eta ki pi resan an.
5. Prèv ou te pan yon Klas Kondwit Defansiv nan 3 dènye ane yo
6. Fòm Medikal TLC yon doktè ak lisans ranpli ki pa gen plis pase 90 jou.

NON OU DWE MENM SOU TOUT

DOKIMAN YO: Prenon, Dezyèm Non, ak Siyati ou dwe egzakteman menm nan sou tout dokiman yo.